



330 FULLER STREET, DORCHESTER, MA 02124 P: 617-287-0096 F: 617-287-0170

## **Nòt pou laprès**

### **POU PIBLYE TOUSUIT**

13 Avril, 2007

Pou plis enfòmasyon kontakte:

Carline Desire: (617) 947-4279, [cdesire@afab-kafanm.org](mailto:cdesire@afab-kafanm.org)

---

Nou tout manb Asosyasyon Fanm Ayisyen nan Boston (AFAB) ap pwoteste ak tout fòs nou kont desizyon gouvènman dominiken an pran pou l revoke dwa sitwayen dominiken aktivis Sonia Pierre.

Sonia Pierre se direktis anchèf yon òganizasyon dominiken k ap defann dwa fanm ayisyen nan Repiblik Dominikèn yo rele “MUDHA”. MUDHA se yon òganizasyon debaz k ap goumen depi plizyè lane pou defann dwa ayisyen k ap viv nan Repiblik Dominikèn kote y ap rapatriye imigran ayisyen pa pakèt nan move kondisyon, yo pa rekonèt pitit ayisyen ki fèt nan Repiblik Dominikèn tankou dominiken, yo pa gen dwa ak edikasyon, lojman, dlo ak anpil lòt dwa fondamantal kretyen vivan.

Depi toutan, pitit ayisyen ki fèt nan Repiblik Dominikèn tankou Sonia Pierre ap fè fas ak pwoblèm diskriminasyon. Gouvènman dominiken an, olye pou l ankouraje respekte dwa moun nan mitan sitwayen l yo, prefere itilize yon bann lwa malouk kont pitit ayisyen ki fèt nan Repiblik Dominikèn epi refize rekonèt yo tankou sitwayen dominiken.

N ap mande gouvènman dominiken an pou l pran tout aksyon ki nesèsè pou pwoteje dwa Sonia Pierre kòm sitwayen dominiken epitou pou gouvènman an sispan rapatriman ayisyen yo ak tout lòt lwa devandèyè ki anpeche imigran ayisyen viv tankou moun nan mitan sosyete dominiken an.